# АЛА ЦАЬРГА: *СУНА УЬШ БЕЗА*

*Хьан дахаре болчу Делан безамах гучудаьлларг схьаоьцуш*

ДЖОЙС МАЙЕР

ДЖОЙС
МАЙЕР

# Ала цаьрга:
# Суна уьш беза

Делан Йозанаш тIера ерриге а цитаташ дукха хийца а хуьйцуш Делан Йозанийн Шординчу гочдарна тIера – The Amplified Bible – ялийна ю.

РСП элпашца билгалъяхна цитаташ оьрсийн Синодальни гочдарна тIера ялийна ю.

ДIААЛА ЦАЬРГА: СУНА УЬШ БЕЗА

© 2011 Джойс Майер

TELL THEM I LOVE THEM

ISBN 0-89274-783-8

©1995 by Joyce Meyer

Ерриге а бакъонаш авторийн бакъонех долчу дуьненаюкъарчу законаца чIагIйина ю.
Киншкин чулацам а, мужалт а, авторо йозанца еллачу бакъонца бен, дийнна а, я дакъошкахь а тIеяккха йиш яц.

# Чулацам


Хьалхара дош ...................................................... 5

1. Далла шу деза!.......................................7
2. Далла хьалха тоъал дика дуй те шу?....13
3. Безам – иза юкъаметтигаш ю………….22
4. Безам, тешам, тешар……………………29
5. Кхерамах паргIатвалар…………………36
6. Безамо дIало……………………………41
7. Делан безамо шу хуьйцур ду…………48

Дохковаларан доIа…………………………...52

# Хьалхара дош

Суна хетарехь, нахана уггар чIогIа Делан безамах хаам оьшу. Далла вайх хIорра а веза – и бакъдерг чIогIа мехала ду Дала леррина Къобалвинчунна тIаьхьахIоьттинарг толам болчу дахарехь вахархьама. Вайна Делан безамах дерг хаар эшна ца Iа – вайна Делера хаам оьшу. Амма иза Дезачу Сино бен луш бац, Делах тешаш верг, Делан безамах ойла а еш, цуьнга са а туьйсуш, иза шен дахарехь муха гучуболу а хьоьжуш, Делан Йозанашкахь а, доIанашкахь а цу безамах Делера болу хаам а лоьхуш волчу хенахь.

Шуна атта ду тIеэца, Шена дуьне оццул дукхадезарна, Ша леррина къобалвина Iийса дерриге а адамашна тIера вала Дала вахийтина хилар, амма шуна дукха хала ду теша Далла шаьш дезаш хилар, хьоме ешархой. Шух дуьненчохь цхьаъ бен ца хилча а, хIетте а Iийса шуна цхьанна тIера вала вохуьйтур вара Дала, оццул шу дукхадеза Цунна.

Суна дукхазза а халахетарш хилла, амма Дала Шен къинхетамца Дезачу Синехула схьадиллина суна, мел боккха бу Цуьнан соьга болу безам.

Оцу хаамо дерриге а сан дахар а, Везачу Элаца йолу сан юкъаметтигаш а хийцира. Со сатесна ю, хIокху киншки тIера дешначо Делан безамах керла кхетам шуна баларе, Цуьнгара хаам шайга кхача шу лууш хиларе. ХIара жима киншка леррина, Iаморан гIирс санна, Делан Йозанаш тIерачу аятех а, ас кхуьнан агIонаш тIехь яздинчух а ойла а еш, аш еша лаьара суна.

Ас сайн киншка ло хьуна, хьоме ешархо, Делаца ца хилча, со хIумма а йоцийла а хууш, муьлхха а Цуьнгара хаам а, Цуьнан Дашах кхетар а Делан ниIматца сайна деллийла а хууш.

# 1
# Далла шу деза!

*ХIунда аьлча Шен цхьаъ бен воцу КIант дIаваллал дезна Дала хIара дуьне, муьлхха а Цунах тешнарг, хIаллак а ца хуьлуш, Ша волчохь долчу хедар доцчу дахаре кхачийтархьама.*

\- Яхьъян 3:16

Далла доьзал хила лаьа, цундела кхоьллина Цо вай, вайх Шен бераш хилийта. Амма Цунна ца лаьа вай аьрха а, хьекъал доцуш а лела, – Цунна вай Шех дозуш а, Шена тIетевжаш а, Шех бIобулуш а, Ша везаш а, *вай Шена ваьш дезийта пурба луш а* хила лаьа. Вай Шех тешна хила а, оьшуш хIума хилча, Шега кхайкха а лаьа Цунна. Вайца хIоранца юкъаметтиг хила лаьа Цунна.

Дукхахберш Делан Йозанаш тIера и аят доьшучу хенахь цунах дика ца кхета: «ХIаъ, суна хаьа Дала леррина Къобалвинарг дерриге а дуьненна тIера веллий». Амма ма мотталаш Цо Шен дахар адамийн тобанна тIера дIаделла,

– Иза *хIора стагана тIера* велла. Иза *хьуна тIера* велла!

Нагахь кху дуьненахь хьо цхьаъ бен вацахь а, Иза хIетте а хьуна тIера лийр вара. Ерриге а халонех хьан дуьхьа чекхваьлла Иза. Іийса хьуна тIера велла, хIунда аьлча Цунна хьо веза, абаденналц везар а ву.

Цкъа со машенахь йогIучу хенахь, Дала соьга элира: «Джойс, хьо Суна Сан йоIбIаьрг санна ю.». Суна ур-аттал и дешнаш Делан Йозанаш тIера дуй а ца хаьара. Цу сохьта иблисо соьга шен ойла схьакъадийра: «Куралла хьуна чохь гучуюьйлург! Хьо дукха лакхаяьлла-м ца хетта хьуна?» Со резахилира цо бохучунна: «Сан сайх лаьцна иштта ойла хила ца еза». Вайна хала ду, вай шатайпа ду, вайн хIара я кхин говзалла ю, вай кхечарах къаьсташ ду аьлла, тIеэца. Амма хIетте а вайх хIорра а шатайпа ву, хIорра а Стигаларчу Дас кхоьллина ву, хIорра а кхечу нахах къаьсташ ву.

Ас оцуьнан ойла ечу юкъана Дала суна сурт хIоттийра: туькана чохь лаьтташ йолу зуда гIопастана тIерачу Іежашка хьожуш ю. Иза леррина хьоьжу Іежашка, царна юккъера уггар диканиг а карабой, цо куьг кховдадо, иза схьаэца дагахь. Юха Везачу Эло соьга элира:

«Ас дуккха а кхечарна юккъера хаьржина хьо, хIунда аьлча Суна хьо шатайпа хета»

Со Цунна шатайпа хета! Ишттаниг цхьа кура аьлча

санна хетало, амма Дала вайга хIоранга а олу иза. Цо иза вай массарал а дика долу дела олуш дац. Цо боху, вайх хIорра а – шатайпа стаг ву. Иза Делан Йозанаш тIехь тIечIагIдеш а ду: Дала хIоранга шега боху: « Хьо Суна Сан йоIбIаьрг санна ю».

Делан и дешнаш тIе а ца оьцуш, айса-сайх бехкаш даха хIиттира со сайн дукха лакхара йолчу ойланех. Масех де даьлча, ларамаза Делан Йозанаш схьа а диллина, ас дийшира: «Хьайн тIемийн IиндагIехь хьулвехьа со, йоIбIаьрг санна, ларвехьа со» (Забур 16:8, РСП). Ас элира: «Иза билггал Дела вара. Со Цуьнан йоIбIаьрг санна ю!» Оцу дешнаша суна дагадоуьйту со шатайпа хилар.

ХIора стагана ша чIогIа цхьанна везаш хила лаьа. И безаман хьогалла Везачу Эло йиллина вайна чу. Далла дерриг дуьне дезна хиларх а, Цунна Iийса везаш хиларх а вай тешахь а, стенна делахь а, вайн шеко хуьлу Далла *вайх хIорра а* веза аьлча. ХIетте а Дашо хьоьху, Далла вай, Iийса санна, дукхадеза.

«Дена Шен КІант веза, цундела Ша мел дийриг дерриг а гойту Дас КІантана. Шу цец а дохуш, кхин а сов гІуллакхаш гойтур ду Дас Цунна» (Яхьъян 5:20). Кхузахь Дала боху: «Ас Іийсагахула даккхий гІуллакхаш кхочушдо, кхин даккхийнаш а дийр а ду, шу цец а дохуш» (авторан парафраз). Хаалаш, Далла чІогІа лаьа Шен куьйгаша дечух шу цецдовлийта а, даккхийдейта а. Цунна чІогІа лаьа, аша, Делан Йозанаш доьшучу хенахь Цо Іийсагахула динчу сийлахьчу гІуллакхашна тІе тидам а бохуьйтуш, олийла: «Веза Дела, ма исбаьхьа ду Ахь динарг дерриг а!»

«Бакъдерг боху Ас шуьга: и Ас дийриг Сох тешачуьнга а далур ду. Кхин а сов гІуллакхаш далур ду цуьнга, хІунда аьлча Со Сайн Да волчу воьду» (Яхьъян 14:12). Іийса Шен Да волчу дІавахана, цундела Далла шуьгахула и санна гІуллакхаш дан лаьа – ур-аттал кхин а даккхийнаш. Шу теший оцунах? Билггал теший шу, Дела, шу деза а дезаш, шуьгахула гІуллакх дан лууш хиларх?

Цкъа, со Делан Дош Іамош йолчу хенахь, Везачу Эло соьга элира: «Джойс, хІора дийнахь адамашна тамашийна хІуманаш до Ас, хІунда аьлча суна деза уьш, амма царна Ас динарг ган а ца го.

Цара цуьнан ойла а ца йо. Цхьаъ бен масал далор дац Ас хьуна. ХIора дийнахь Айса малхе: «ХьалагIатта» аьлча, Ас иза Джойсан а, Беттин а, Джиммин а, хьан а … (хьайн цIе хIоттае кхуза) дуьхьа до.

Ойла ейша: хIора дийнахь малх стиглахь *шун дуьхьа* хьалагIотту. Маьлхан хьалагIаттар мел исбаьхьа ду!

Амма аш и хилам гуттар а хила безаш санна тIеоьцу. Шуна хаьа малх билггал хьалагIоттур буйла, амма шу ца кхета иза леррина *шайн* дуьхьа гIоттуш буйла. Йовхачу хенахь догIа догIучу хенахь иза а *шун* дуьхьа догIуш ду. Дерриге а хуьлуш долчо Делан шуьга болчу барам боцчу безамах тоьшалла до.

*«Иштта хаалахь, Веза Эла, хьан Дела, Тешаме, Шен ваIда а, Ша везаш болчаьрга, Шен весеташ лардечаьрга болу къинхетам а эзарнаш тIаьхьенашкахь лардеш волу Дела хилар». (Карлабаьккхинарг 7:9)*

Эзар тIаьхье тоьар юй те, шу эххар а Делан безаман сийлаллех кхеттал? Иза гуттар а волуш волу Дела ву, Иза цхьана а хIумано кIадвийр вац. Хила тарло, шуна хета, шаьш Дела шайн аьтто ца хиларца а, кхачамбацаршца а кIадвина? ХIан-хIа, иштталиг хуьлийла дац!

Цуьнан безам кхачош бац, цхьана а хIумано Делан шуьга болу безам дIабоккхур бац. Безам – иза Дала шуна деш долу цхьацца гIуллакхаш дац. Безам – Иза Ша ву.

ХIокху дуьненна тIехь лелла уггар а боьха, телхина къинош летийнарг а веза Далла, Iийса цо тIе ца эцнехь а, иштта а аьлла: «Суна Хьоьца юкъахь цхьа а хIума хила ца лаьа, со реза ву, жоьжахатин цIерга со кхачахь а». Цунна муха ца деза Шен кIант я йоI хилларш?

Хила тарло, аша Iийса шайн дагчу схьаэцна, Деле а дукхазза а Иза шайна веза аьлла аша, амма хаьтта лаьа шуьга: *шу теший Далла а шаьш деза аьлча?*

Иза сел атта ду: *Далла шу деза.* Нагахь кху дуьненчуьра кхидолчух шу кхета гIертахь, оцу аттачу бакъдолчунна тIехь чIагIло.

Шуна кхин а дуккха а хаарх, мел леррина Делан Дош аша Iаморх, шун дахарех аьтто хир бац, нагахь Везачу Элана шаьш чIогIа дезар аш тIе ца лацахь. Делан безам буй хаар шун тешаран бух, шун къинах паргIат хилар, ца кхоьруш нахана гIуллакх дар ду. *ТIеоьций аша Делан безам?*

*Далла шу барам а боцуш деза!*

# 2
# Далла хьалха тоъал дика дуй те шу?

*Иштачу сатийсамо цкъа а дохко ца воккху, Iеха ца во, вайна эхь ца хоьтуьйту, хIунда аьлча Делан безам вайн дегнашка вайна деллачу Дезачу Синца баьржина.*

*Вай гIорасиз долчу хенахь (ваьшна дан хIума а доцуш гIийла), цхьана билггалчу хенахь Дала леррина Къобалвинарг Iесачарна тIера велира.*

*Наггахь бен бакъахьара волчун мета цхьана а стагана вала а лаьа. Делахь а дикачун мета вала цхьаъ реза хила а там бу. Амма , вай хьарамлонаш лелош долчу хенахь, вайн дуьхьа велла Дала леррина Къобалвинарг (Машахь, Дала Къобалвинарг).*

*Цу тайпана Шен вайга болу безам мел боккха бу гойту Дала. Iийсан цIийца вай бакъдина хилча (бакъахьара нах а хилла,Далла хьалха нийса меттиг дIалаьцна), Цуьнгахула муххале а(шеко йоцуш) кIелхьардевр ду вай Делан оьгIазлонах.*

*Вай Шен мостагIий долчу хенахь Дела вайца тайра Шен КIентан валарца. Дала Шеца*

*тайтина долу вай, хIинца муххале а (билггал) Цуьнан КIантехула кIелхьардевр ду( денна а къинан тIеIаткъамах дIа а хедаш), КIант дийна волу дела.*

\- *Римахошка 5:5-10*

Дукххаболчарна моьтту, шаьш дика лелачу хенахь бен Далла ца деза. Дуккха а адамаш шайна реза дац, Дела а шайх воккхавеш вац аьлла, хетта царна. Делан Йозанашкахь аьлла ду: «ХIун ду адам, Хьуна иза дагахь латта?» (Назма 8:5). Жоп атта ду: шу – Дала кхоьллина ду, *Далла шу деза Шена деза дела,* хIунда аьлча *«Дела безам бу» (Яхьъян 1-ра 4:16).*

Везачу Элана хьо веза. Хьо – шатайпа, цхьаъ бен воцу, леррина верг ву. Хьо сох я кхечух тера хила гIерта ца веза. Стаг цхьаннах тарвала гIерташ хилча, иза чIогIа декъаза хуьлу. Иштта леларца аша иблисан аьтто бо шаьш тешо, шу Далла хьалха тоъал дика дац бохучух. Амма шуна ца оьшу Далла хьалха «тоъал дика» хила хьовса.

Iийсас валар хьо сел сийлахь а, шатайпа а стаг хиларна тIе ца ийцира – къинош летийначуьнга хIоранга болчу безамо валийра Иза жIари тIе. Делан Йозанаша боху, шу тIех чIогIа дезадаларна шунна тIера велира Иза. Ткъа мел боккха хир бу хIинца Цуьнан шуьга

болу безам, Цуьнан цIийца шу цIандина хилча? (хьовса Римахошка 5:9).

Цуьнан безам тоьаш бу хIора дийнахь шун кхачамбацаршна а, гIалаташна а гечдан.Цунна тоъал чIогIа деза шу, хIора де аша дика чекхдаккха шуна гIо дал.

Цкъа Дала цхьана масала тIехь гайтира суна, Цунна муха го вайн гIалаташ а, аьтто бохарш а. Шен нанас чохь гIуллакх деш хьоьжуш йолчу кхо-диъ шо кхаьчначу йоIан сурт хIоттадейша шайна. Шен нана чIогIа езарна, цунна гIо дан лаьа йоIана. Жимачу ведар чохь хи а оьций, горгам а карахь кора а тIе а йогIий, леррина иза цIандан хIутту иза. Нанна цо дина «гIуллакхаш» гича, йоIана дов дан дог догIу, хIунда аьлча цо кхуьнан тоьлла горгам йохийна. Амма йоIа хазачу дуткъачу озаца боху: «Мама, хьажахь ас кор муха дилина. Со леррина яьллира хьуна. Суна хьо чIогIа дукхаеза, мама!» ЙоI езачу нанас цунна баркалла олу: «О, ахь дерриг а чIогIа дика дина, баркалла хьуна!» Ткъа тIаьхьа, йоI кхин гIуллакхаш дан хIьоттича, нанас дерриге а дIа а нисдина, эр ду цуьнга, цхьа хIума дале шех дагаяла аьлла.

Дала схьадиллира суна, билггал иштта вайца а ву Ша аьлла. Цо гуттар а дIайоху вайн гIалатийн тIаьхьалонаш.

Нагахь шу ницкъ ма-кхоччу Цунна тамехь дерг дан гIертахь,

Далла иза тоьаш ду. Цо вайга ца далуш дерг вайгара ца доьху. Нагахь аша бахахь: «Веза Эла, со нийса вац. Со гIиртира, амма соьга хьал хийца ца ло», – Цо шуна гIо дийр ду, хIунда аьлча Цунна хаьа Шен гIо ца хилча, шу ларор доцийла.

*ХIунда аьлча Ша Дала ваийтинчо Делан дешнашца дуьйцу (Делан хаам кхайкхабо), Дала иза барам боццуш Шен Сих вуьзна дела.*

*Дена Шен КIант веза. Цо массо а хIума Шен КIентан кара дIаделла.*

*Яхьъян 3:34-35*

Цкъа, и аят Iамош, цунна тIехь ойла еш, со хазахетта йилхира, Дала вайна Синан цхьа дакъа делла ца дуьтий хиъна. Цо цхьажимма хIара, цхьажимма важа ца ло вайна. Цо боху: «Схьаэца дерриг а Сан дерг», цундела Делан безаман шорталла а, ницкъ а хуьлийла ду вайн тахана. Цуьнан дерриг а вайна оьшург долуш ду, Цунна вай иза схьаоьцийла лаьа.

ХIунда? ХIунда аьлча Цунна шу деза! Цуьнан безам баккха безаш бац. Оьшуш дац, сурт санна, хаза хила а, я Iилманан дарж хила а.

Далла шуна совгIат дала лаьа дуьххьалдIа Шена шу дезарна.

*ХIунда аьлча хьо деза а, къастийна а халкъ ду Везачу Элана, хьайн Далла: Везачу Эло, хьан Дала, хаьржина хьо, лаьтта тIехь дехачу дерриге а халкъашна юкъахь хьо Цуьнан Шен, шатайпа халкъ хилийтархьама.*

*Везачу Эло хьо дерриге а халкъел доккха ду аьлла ца хаьржина, хьо-м дерриге халкъел жима ду.*

*Карлабаьккхинарг 7:6-7*

Дала исраилхой хаьржина царах Шен халкъ дархьама. Тахана вай – Делах тешарш, Цуьнан халкъ ду, цундела и аяташ вайна догIуш а ду. Дала аьлла: «Ас шу ца хаьржина, лаьтта тIехь уггар дукха ду, шун гIуллакхаш дика ду, ткъа шу шаьш сел исбаьхьа ду аьлла».

Кхин цкъа а исраилхой кхечу халкъел жима халкъ ду а аьлла, кхидIа а Цо боху:

*Амма Везачу Элана шу дезарна, шун дайшна Ша дела ваIда лардарна, Везачу Эло Шен ондачу куьйгаца ара а даьхна, лоллера паргIатдаьхна шу, пирIунан, Мисаран паччахьан, куьйга кIелхьара.*

*Карлабаьккхинарг 7:8*

Иза инзаре хӀума ду, сан доттагӀа! Дала боху: «Суна веза а велла, хьо веза ву аьлла, дӀакхайкхийна Ас. Хьо – шатайпа ву аьлла Ас. Хьо къинош доцуш а, дика а ву аьлла, ца хаьржина Ас, Сайна хьо везарна хаьржина». Далла шайгара хӀун оьшу хаьий шуна? Цунна лаьа, Шен безамах теша а тешна, аш иза тӀеоьцийла.

Вайх дукхахболчарна уггар йоккха хало ю вай ваьшна реза ца хилар. Вайна ваьш массарел а вон ду моьтту, цундела вай ца теша, Далла я кхечунна вай деза аьлча. Вай ойла йо: «Со муха везар ву – сан сел дукха кхачамбацарш ду?»

Шайна гергахь шу тамехь доцуш а, ирча а хилча, цо шун дог-ойланна а, леларна а, дешнашна а тӀеӀаткъам бо. Аша шайна кхоьллинчу вастал дика хир дац шу.

Сан а яра изза хало: со сайна реза яцара, ницкъ ма-кхоччу хийцаяла гӀертара со. Суна со тӀех дукха луьйш ю моьттура, цундела къамел кӀезиг дан гӀертара со. Иштта леларо соьгахь депресси кхуллура. Массара а хоьттура, со йист ца хуьлуш хӀунда Ӏа, ткъа ас ойла йора:

«Аша шаьш ма олура, сан мотт беха бу. ХӀинца со Ӏадйитийша, цу кхачамбацарх дӀакъаста гӀерташ ма ю со»

Дуккха а шерашкахь къахьийгира ас, амма хIинца а сайн мотт бахьанехь цатемаш хуьлу суна. Ас тидам бина, къамелана тIера болчу дукхахболчу наха шайна зуда я майра бист кIезиг хуьлуш берш хоржу, ткъа иблисо цунах пайда оьцу.Цо гуттар а дагахь латтадойту царна, мел беха мотт бу къамелаш дан луучеран, иза бахьана долуш цаьрга шаьш *бехке а дойтуш.*

Ваьш бехкедарх вай паргIатдаха лаьа Далла. Амма паргIатхилархьама, тешар а, доьналла а хила деза.

Шуна хаьий, шайна реза ца хиларо шун цхьа а ледарло бакъ ца йойола. Амма вайна хала ду теша, Далла вай деза, вайгара цхьа сонта хIума даьлча а, бакъ дац иза?

Иблисо юха а, юха а бохур ду шуьга, хьо вон стаг ву, хьан бос дика бац, хьан хала амал ю: «Иза хьоьга муха дан дели? ХIинца хьо мила ву аьлла хета хьуна? Дала хьо цкъа а декъалвийр вац хьуна, хьо къинош летийнарг ма ву. Делах лаьцна ахь хIун дуьйцур ду нахана, ахь дерриг а нийса ма ца до?»

Ишттачу хенахь Деле доIа де: «Веза Эла, соьгара гIалат даьлла, со дохковаьлла айса диначунна. Доьху Хьоьга гечдехьа суна. Со теша Айхьа сайна гечдина хиларх, иблисе со цу тIера юха а ваккхалур вац». ХIинца хьуна

гечдина – хаза а хета, ирсе а хила! Хила тарло, ахь ойла йо: «Ас иштта гӀалат дуьххьара долуьйтуш ма дац…». Ас а йора иштта ойла, со бехке ян саццалц. *Айхьа динчунна хьо бехкевар сацаде – тӀаккха гӀалаташ а дуьйлуьйтур дац ахь!*

Бехко а, бехке варо а охьатаӀадо шу, паргӀато дӀайоккху шуьгара. Ша-шен бехкеварх дӀакъастархьама шуна тешар а, доьналла а оьшу: синца чӀагӀлой, белшаш нисъяй, *хаддош бехке хиларан синхаам дӀататта.* Иблисо шуьга эр ду: «Ахь хӀун до, цу гӀуллакхна дог доьхна а ца хила воллу хьо? Хьоьгахь вон хьал масех сохьтехь мукъане а хила ма деза. Хьоьгара даьлларг чӀогӀа вон хӀума ма ду». Иблис дӀасацаде: «Тоьар ду, цу тӀехула дог доьхна лелар вац со». Цкъа хьалха шуна хала хир ду цунна дуьхьало ян, амма къар ма ло, тӀаккха шайн бехкехетар эшалур ду шуьга.

Делан Дашо боху, Ӏийсас вайн къинош тӀеэцначу хенахь, Цо иштта вайн бехк а, ваьш бехкедар а Шеца дӀадаьхьира (хьовса ЕшаӀ-ЯхӀу 53:5-6,11). Амма иблисана лаьа аш шаьш бехкедар кхидӀа а хьойла. ХӀунда? ХӀунда аьлча бехкедаро шу Далла генадоху. Делан безамах билггал зовкх хьегар ца хуьлу шун, нагахь шаьш бехкедаран мохьана кӀелахь шу

дохкуш делахь. Ткъа иза, аьчган кирхьа санна, шуна а, Далла а юккъехь лаьтта.

Шуна тIехь олалла деш бехкенан синхаам хилча, шуна Веза Элла гойла дац. Дерриг а шуна гуш дерг – шайн бехк а, къа а ду.

Шаьш бехке ма де, тешалаш: нагахь Дала бохуш делахь, Цуьнан къинхетам тоьаш бу шун къинош дIахьулдан, – иза иштта дан а ду. Везачу Элана шу деза, цундела Цо Шен къинхетам а, гечдар а ло шуна. ДуьххьалдIа схьаэцийша уьш. *Далла шу чIогIа деза!*

# 3
# Безам – иза юкъаметтигаш ю

Ткъа вайна Делан ваьшга болу безам бовза а бевзина (кхета а кхетта, тIе а эцна), вай цунах теша а тешна (вай цуьнца чIогIа доьзна а ду, цунна тIетевжина а ду).

Дела Ша а безам бу. Безамца верг Делаца ву, Дела Цуьнца а ву.

- Яхьъян 1-ра (4:16)

Делан безамах дика муха кхетар ву? Нагахь Далла шаьш дезарх шу дика кхеташ дацахь, мел чIогIа иза хиларх цу безамо шуна гIо дийр дац.

Хаий хьуна, мел дика хуьлу дага тIехь, цхьанна хьо чIогIа веза а везаш, цо иза лечкъош ца хилча. Иза бовха, исбаьхьа синхаам бу, дерриге а дуьненна дуьхьалвала хьуна ницкъ луш болу. Далла хьо веза, Цунна лаьа хьуна Шен безам гойла.

Цунна лаьа хьо хIора дийнахь Шеца къамел деш хила.

Делаца уллора юкъаметтигаш юй хьан? Дуккха а шераш хьалха схьаэцначу кIелхьарваларо ца гойту хьо Делаца йолчу юкъаметтигех зовкх хьоьгуш хилар. Iуьйранна ас бIаьргаш схьабиллича, уггар хьалха сан коьрте Делах йолу ойла йогIу, дIаюьжучу хенахь тIаьххьара ас дагалоцург а Иза ву. Суна дерриге а дуьненахь кхин хIумма а ца оьшу, сайн Везачу Элана гIуллакх дар, Цунна оьшург дар доцург. Оцуьнан дуьхьа вайн дерг дерриг а дита мегар ду.

Дала вайна чохь меттиг кхоьллина, Цо цхьамма бен хьалаюзур йоцуш. Вайна лууш долчо, вай тIекхача луучо кхечу цхьана а хIумано и меттиг хьалаюзур яц. Хьан хьайга ала йиш ю: «Суна иза хIинцале хууш ду. Ас Iийса тIеэцна». Амма хIора минотехь, хIора дийнахь, муьлххачу а хьолехь Цунна тIевогIий хьо? Делан безам тIеоьций ахь?

Далла хьо веза, хьо Цунна шатайпа а, леррина верг а ву. Цуьнца юкъаметтигаш хила кхоьллина ду вай.

Цунна чIогIа лаьа и юкъаметтигаш хила, вайн дахарна лерина Цуьнан кхачаме лаам буи за. ХIора Iуьйранна вайга хьоьжуш, Цо боху: «Iуьйре дика йойла, Суна веза хьо».

Сан доттагIчунна, ша доIа дечу хенахь, сурт хIоьттинера. Цунна гинера, Iуьйранна Да

americaхойн цIенош чу воьдуш. Иза чувоьдура, цаьрца къамел дан лууш. Кресло схьа а оьций, стола улло охьахуура Иза. Нах, хьала а гIуьттуш, тIе а оьхуш, дIаоьхура, тIе а оьхуш, дIаоьхура. Цара олура Цуьнга: «Жимма тIаьхьо. Кхузахь жимма собардехьа, Дела. Сайн гIуллакх чекх ма-даьккхина, со Хьоьца вистхила схьавогIур ву. Вай къамел тIаьхьо дийр ду, Дела. Жимма собардехьа. ТIаьхьо, Веза Эла».

Де чекхдолуш дара, иза гинчу йоIа шен дог эккха доллу элира – цунна гира, корта охьа а таIийна, цIа чуьра араволу Дела. Цхьа а ца веара цу дийнахь Цуьнца къамел дан.

*ГIуллакхна сел чувоьлла стаг ма хила.* Нагахь Деле доIа дан а, Цуьнца къамел дан а хьуна хан ца тоахь, хьо балхана чувоьлла стаг ву. Хан карае Деле ала, хьайна Иза мел чIогIа веза.

Дуьненан дахар чекхдаьлча, цхьа Дела бен вуьсур вац. Хьо Цунна хьалха хIоьттича, дукха тIаьхьа хир ду Цуьнца юкъаметтигаш кхоллар дIадоло. Иза хьо стигала кхочур вац бохург дац. Амма хьан даре дан дезар ду, хазачу дахарехь вахаран ирсах хьо ваьккхи ахь.

Ас хьоьга боху, дийнна цхьана шарахь дуьххьалдIа *бакъо ло Далла хьо везийта.* Хьайн ницкъаца динехь сийлахь майра я зуда хилар

дита. Делаца, хьо жима бер долуш санна, хила. Хьайн Ден голаш тIе хаа, бакъо ло Цунна хьо везийта. Хьайн безамца Цунна жоп далалур дац хьоьга, хьо веза Цунна ахь бакъо ца елча.

Яхьъян 1-чу кехата тIехь(4:16) аьлла ду: « Ткъа вайна

Делан ваьшга болу безам бовза а бевзина (кхета а кхетта,тIе а эцна), вай цунах теша а тешна (вай цуьнца чIогIа доьзна а ду, цунна тIетевжина а ду)

Тахана Iуьйранна самаваьлча, цхьана минотехь йина а, ойла йиний ахь, Далла хьо мел дукхавеза аьлла?

ЦкъаццIа, самаваьлча, хьуна хаало хьайн цхьа а хIума дан дог ца догIий. ТIаккха дегI меттахдаккхархьама багане болх байта беза, хьайн синан стаге, хьала а гIаьттина, дуккха дика гIуллакхаш дайта деза.

Хьо Iуьйранна самаваьлча, ахь ала деза: «Дада, ас баракалла боху Хьуна Хьан соьга боккха безам хиларна. Со Хьуна чIогIа баркалле ву, Ахь суна тIера Iийса вала вахийтарна. Дада, ас баркалла боху Хьуна Ахь со Дезачу Синах вузорна. Ас баркалла боху Хьуна денваларан ницкъ соьгахь хиларна. Веза Эла, ас баркалла боху Хьуна, со тахана миччанхьа велахь а, сан декъалдар ду.

Дела, Хьуна **со** дукхавеза, Хьан безам суна тIебуссуш бу хIокху меттехь, сан хIусамехь. Хьуна **со** веза! Со Хьан хьоме бер ду. Со Хьан бIаьргийн нур ду. Хьуна со веза!»

Ахь хьайга баха деза, хьо кхета а веза, хьуна хаа а деза, хьо Делан безамна юккъехь вуйла, цо дIахьулвина вуйла. Делан Йозанаша боху, Цуьнан кераяккъашкахь томмагIаш ду – хьан сурт (ЕшаI-ЯхIу, 49:16).

Ас сурт хIоттадо, Цо муха олу, оцу томмагIашка а хьожий: «Хьовсийша, шуна гой? Хаза дац ткъа уьш? Суна сел чIогIа деза уьш. Хьовсал Сан берашка, хIорш ду уьш, Сан куьйгаш тIехь». Хьан сурт массо а ханна дагахь латтош ду Цунна *хьо* везаш хилар а, *хьоьца* юкъаметтигаш Цунна хила лаар а.

Далла баркалле а хила, Цуьнца йолчу юкъаметтигашкахь лакха а вала. ЦкъаццIа, доIа дечу хенахь, бертал а вожий, баркалла ала Цунна хьо кIелхьарваккхарна. Деле деха, веза Иза. Цуьнан дешнаш деша Яхьъян 1-чу кехата тIера(4:16-17): «Дела Ша а безам бу. Безамца вверг Делаца ву, Дела цуьнца ву. Вайна чохь безам хилар иштта гучудолу ( Цуьнца вай цхьаьна а, юкъаметтигаш йолуш а долу дела): вай къематдийнахь доьналла долуш хир ду…» Далла хьо везий а хууш, Цунах теший хила.

Нагахь хьо веза Далла ахь бакъо лахь, ахь Цуьнан декъалдарш схьаоьцур ду: сийлахь тешар, къинна тӀехь толам, товалар, токхалла а, хазахетар а. Дерриг а иза хир ду, нагахь ахь хьо веза Далла пурба лахь. Кест-кеста вай хуьйцу и ойла, Дела веза вай декхарийлахь ду олий.

Со тешна ю, цкъа хьалха ахь Далла пурба дала деза хьо везийта. Хьоьга гайталур бац Деле болу хьайн безам, цкъа хьалха ахь хьо веза Цунна пурба ца делча.

Ас хьехар дийр дара, Делаца къамел де, хьайна Цуьнан доттагӀалла билггал оьшу ду ала аьлла, амма иштта хаттар хӀутту: муха дийр ду иза? Дала соьга Шеца къамел дан кхайкхича, ас, диванна тӀе охьа а хиъна, элира: «ХӀинца хӀун хир ду, Дела?» Иза билггал иштта дара. Суна ца хаьара айса Делаца къамел муха дан деза, хӀунда аьлча цу хенахь суна ца хаьара, Далла со мел чӀогӀа еза.

Хьоьга муха гайталур бу хьайн деган синхаамаша хьайна безачу а, хьо воккхавечу а нахана, нагахь хьо тешна вацахь, царна хьо веза аьлла? Хьайх Ӏовдал ван кхоьрур ву хьо. Ваьшца дика болчарца бен вайна аьхна ца хета. Сан майрачуьнца йолу юкъаметтиг кхечаьрца чул паргӀат ю, хӀунда аьлча со тешна ю цунна со езарх. Иштта ду Делаца а.

Хьалхара гӀулч яккха.

Бе Цуьнан и аьтто, тӀаккха Цо Ӏамор ву Шеца къамел дан. ХӀинца хьайга хаттар ло: *«Делаца дика дуй суна?»*

*Далла хьо веза!*

# 4
# Безам, тешам, тешар

*ХIунда аьлча Дала леррина къобалвинчу Iийсаца тхо хIинца цхьаъ хиларна, цхьа а маьIна дац я сунтваран а, я сунт ца варан а. Далла хьалхха маьIна долу хIума цхьаъ ду: безаман гIуллакхаш хуьлуьйту тешар (чIагIдина, къастийна) хилар.*

- *Галатахошка (5:6)*

Вайх дукхахболчара дукха хан йойъу, тешар алссам хилийта гIерташ. Вайна хаьа, тешар доцуш Дела резавойла доцийла (Iебархошка, 11:6), цундела къа а хьоьгу, къийсам а латтабо, тешар алссам хилийта. Амма тешар дага чуьра схьадолуш ду, цуьнга Делаца къамел дарца кхочу. Соьга шу Iамалур дац тешар хила, амма тешаран агIонех лаьцна дийцалур ду. Шуьгахь тешаре кхача лаам а кхоллалур бу соьга, цу тIе кхача шу хIуъа дан реза а долуш. Тешар Делан къайлененехула бен ца хуьлу.

Ма гIерта шайн ницкъаца Делана тамехь дерг дан. ГIолехь ду дуьххьалдIа Далла хьалха а хIоьттина, тийналлехь Цуьнца хан яккхар, Цунна хьайн безам а гойтуш.

Дерриге а дийнахь хьо веза пурба ло Цунна, хьайн безам а гайта Цунна.

*«ХӀунда аьлча тхо, гуш долчуьнца а доцуш, тхешан тешарца (тхайн дахар а, лелар а Делан а, адаман а юкъаметтигех а, дала кхоьллина долчух а, тешамах а, дезачу хьуьнарх а долчу хаарех дустуш лела) дехаш ду»*

*(Коринтхошка 2-гӀа, 5:7).*

Цкъа Делан Йозанийн и меттиг ас йоьшучу хенахь,

Дала суна чӀогӀа ладаме бакъдерш схьаделла долийра. Иштта со тешарехь яха гӀерта. Айса дахарехь хӀуъа деш делахь а, суна иза тешарца дан лаьа. Делан Йозанашка хьаьжжина, тешар вайн дахар а, лелар а Делан а, адаман а юкъаметтигех долчух хьан тешна хиларца дустар ду.

Кхечу кепара аьлча*, сан тешаран тӀегӀа Делан а, адаман а юкъаметтигех долчу сан тешна хиларх доьзна ду.* Кхетий шу? Ша Ӏеса хетачу стеган сатуьйсийла дац, шен тешар хир ду аьлла. Ша ледара а, хьакъ воцуш а хеташ, Делан шега болчу безамах а ца тешаш волчу стеган сатуьйсийла дац, шен чӀогӀа тешар хир ду аьлла.

Дукхахберш гӀерта тешаре кхача, амма оццу хенахь шаьш Дала леррина Къобалвинчуьнгахь

бакъдина хиларх а ца кхеташ, Делан безамах дерг а ца хууш бу уьш.

Дукхахберш гIерта тешаре кхача, амма оццу хенахь шаьш Дала леррина Къобалвинчуьнгахь бакъдина хиларх а ца кхеташ, Делан безамах дерг а ца хууш бу уьш.

Галатахошка дахьийтинчу кехато(5:6) боху: «безаман гIуллакхаш хуьлуьйту тешар хиларо». Оцу аятца доьзна иштта ойла йиллира Дала сан даг чу: «Нах иштта кхета оцу аятах: нагахь суна адамаш ца дезахь, сан тешар болх беш хир дац. Амма кхузахь дуьйцург кхин ду. Билггал долу бакъдерг иштта ду: тешаро болх ца бо, стагана ша Суна мел дукхавеза хууш ца хилча». Безам ца хилча тешаро хIумма а ца до, хьан кхинаш безарх дерг дац дуьйцуш дерг. Хьан тешар пайденна хилийта, ахь Нуьцкъалчу Далла пурба дала деза хьо везийта.

Башхалла хаалой хьуна? Вай тешарца лела, Делах тешачу хенахь, массо а хIуманна тIехь Цунах бIо а булуш. Амма хьан тешар ца хуьлу хьайн тешам боцчуьнга. Тешна ца хилча, тешам а ца хуьлу. Хьан Деле тешам хир бац, нагахь хьо тешна вацахь, хьо Цунна веза аьлла.

Нагахь хьуна билггал хаахь, хьо Далла мел веза, хьуна атта хир ду дарба схьаэцa. Хьоьга атта схьаэцалур ду Делера долу, хьайна оьшуш долу ахчанан гIо.

Цуьнгара совгӀаташ схьа ца эцадаларан бахьана ду, хьо ца тешар Дала хьайна уьш луш хиларх. Ахьа ала тарло: «Суна лаьа цунах теша, амма муха дан деза иза?»

Делан безам хьуна чохь бу, хьуна хаа дезаш дерг цуьнан гучубалар ду. Делан Йозанашкахь аьлла: «Вайна везар ву Иза, хӀунда аьлча Цунна вай хьалха дезна» (Яхьъян 1-ра, 4:19). Дела везалур вацара, нагахь вай тешна дацахьара, Цунна ваьш хьлхе дезна хиларх.

Делан безам шуна чохь бу, деган кӀоргенехь. Иза цигахь бу! *Далла хьо веза! Хьо исбаьхьа ву! Хьо веза ву! Хьо тамашийна ву! Далла хьо веза!* Дерриге а дуьненчохь, Далла санна, хьо цхьанне а ца веза.

Хьуна цхьа а ца оьшу, Дела воцург, амма Цо хьуна кхин адамаш ло хьан дахарехь.

Бакъдерг иштта ду, нагахь дерриге а дуьнен тӀехь, хьой, Делий воцург, кхин цхьа а вацахьара, хьо чӀогӀа дика Ӏийр вара. Дела хьан уггар дика доттагӀ хир ву. Иза хьан майра хир ву, хьо марехь яцахь. Иза хьан да а, нана а хир ду, нагахь хьан уьш дацахь.

Далла хьо чӀогӀа дукхавеза. Билггал цундела массо а хӀуманна тӀехь хьан Цунах тешам хила мегар ду. Цуьнан безамо хьуна тешар ло Цунна ахь Шен совгӀаташ схьаэцца лууш хиларх. Ткъа

иза хьуна хаъалц, хьан тоъал тешар хир дац Делера цхьаъ схьаэца.

*Тешаро гIулалкх до, Далла ваьш деза вай пурба делча.* Тешаран ницкъ хьуна цхьаъ везаран хьуьнарх гIоьртина дац. Деле хьо везийта! Дийнахь сарралц Деле баркаллин дешнаш баха: «Веза Эла, суна хаьа Хьуна со везийла. Аллилуйя! Хастам бу Хьуна, Дада. Сийлахь хуьлда Хьан цIе».

Смит Вигглсворт Делан сийлахь къонах вара. Цкъа цхьаммо хаьттира цуьнга, деха дой цо доIа аьлла, цо жоп делира: «Эха сохьтал сов наггахь бен доIа ца до ас, амма доIа ца деш а ца йоккху эха сохьтал сов хан». Цкъа цо элира, ша хIоразза гечдар доьхура, Делаца къамел ца деш шен пхийтта минот дIаяьлча.

Вай цхьаъ дан хьовсу, амма долош дерг нийса ца доладо. ГIуллакхашца Дела реза валур вац. Дала вай декъалдо, Шена деза дела. КIелхьардовлар санна, Цуьнан совгIаташ схьаэца йиш ю вайн.

Хьайн доьзалхо я кхин стаг кIелхьарваккха хьан гIуллакхаш дан ца оьшу. Цкъа хьалха пурьа ло Далла хьо веза, тIаккха хан яьлча хьуна везалур ву и стаг. Делан Йозанаша боху, хьан аьтто хир бу иза Iийсана гергахьа вало, нагахь хьуна иза дуьххьалдIа везахь, иза «хьехамашца» а, цхьацца гIуллакхашца а

кIелхьарваккха а ца гIерташ. Делан Сино цунна чохь болх бийр бу хьуна чохь гуш болчу Делан безаман гIоьнца. Амма хьан цхьа а веза ницкъ кхочур бац, цкъа хьалха ахь Деле хьо ца везийтахь.

Эпасхошка дахьийтинчу кехата тIехь(2:8) яздина ду: «Iийсах тешна дела, Делан доккхачу диканца кIелхьардаьхна шу…» Хьо кхетий, айхьа хIумма а дина цахиларх кIелхьарвалар схьаэца? Вай кIелхьардовлар схьаэццалц, вайн хьал дог диллал вон дара.

Вайн кIелхьардовлар цхьаний а кепара вайн дикачу гIуллакхаш тIехь я вайн дика хиларна тIехь лаьтташ дацара. Вай цхьана бахьанина кIелхьардаьхна: Далла вай оццул дезна, «Шен цхьаъ бен воцу КIант дIаваллал дезна Далла хIара дуьне, муьлхха а Цунах тешнарг, хIаллак а ца хуьлуш, Ша волчохь долчу хедар доцчу дахаре кхачийтархьама» (Яхьъян, 3:16).

Делан дикалла а хьан дахарехь Шен нуьцкъалалла гайтар санна къасто мегар ду, хьан хьашташна жоп далархьама. Иштта Шеен дикаллица Дала тоъал тешар делла хьуна хьоьга кIелхьарвалар схьаэцийта. Ткъа иштта Шен безамца  хьуна тешар ло Цо, Ша хьан дарбанча вуй хоуьйтуш. Цо хьуна тешар ло, Ша хьуна оьшург латтош верг вуйла хьо кхетош.

Нагахь хьо кIелхьарваккха Цо делла тешар хьо къинойх дIацIанвала тоьаш хиллехь, оцу хьуна чохь долчу тешаро хьан дахарера кхийолу халонаш а дIайохур ю. Нагахь санна Далла хьо везарх хьо тешахь, билггал оцунах кхета а волалуш, тIаккха Хьан цуьнга бакъболу тешам хирбу. Хьуна хуур ду Цо цкъа а харцдерг ца дуьйций, хIунда аьлча Цунна хьо веза.

Делан Йозанийн шодинчу гочдаро (Amplified Bible) боху, тешар – иза ша а, дерриге а шегахь адамаллин дерг а Далла дIадалар, Цунах буьззина тешам хилар, Цуьнан ницкъах, хьекъалаллах, дикаллах тешар ду (Ковлусихошка 1:4). Далла хьо веза пурба луш, хьо Iемар ву Иза веза а, Цуьнга тешам хила а, *хьан тешар хир ду*.

*Далла хьо веза!*

# 5
# Кхерамах паргӀатвалар

*Безамца кхерам а бац (иза боцуш бу). Ткъа буьззина бакъболчу безамо (цӀеначу) кхерам дӀатотту, хӀунда аьлча кхерам гуттар а таӀзарца боьзна хуьлу. Кхоьруш волчун (кхиаза ву иза) буьззина бакъболу безам бац.*

- *Яхьъян 1-ра 4:18*

Кест-кеста нисло, тешарца вайн дерриг а дика хуьлу, вай тешна ду Далла ваьш дукхадезаш хиларх, вай Цунах тешна ду, амма вайн дахарехь цхьа вониг нисло. Вайн тешар лачкъийнарш хӀиттина хьелаш хуьлу. Вай теша Далла вай дезарх, амма цхьа цатам хилча, Цуьнан безамах шекдовла дуьйлало вай. Цул тӀаьхаь иблис догӀу, вайна тӀе кхерам а, ваьш бехкедар а туьйсуш, вай Делан безамах кхин а гена дахархьама. «ХӀан, муха ду гӀуллакхаш? Суна-м хьо Далла веза моьттура, – доккхаде иза. – Оццул дукха цатемаш а, халонаш а хӀунда ю хьан? Ахь цхьа вониг а дина, Дела оьгӀазвахана хир ву хьуна?»

Иштта Делах бӀоболар дӀадолу вайн, тӀаккха Цуьнга вайна гӀо ца дало. Нагахь Далла хьо

везарх хьо шеквуьйлуш велахь, хьох онда, тешарх вуьзна а стаг ца хилало, тIаккха иблисо атта кхерам тIетосу, ша-шен бехкевар коча доуьйту.

Инзаре дац хIара *бакъдерг*: «Буьззина бакъболчу безамо кхерам дIатотту» (Яхьъян 1-ра 4:18 )? Ас ехха ойла йира Делан Йозанийн оцу меттигна тIехь, цунах кхета гIерташ. Цкъа Дала эххар а кхетийра со: бакъболчу безамо кхерам дIабоккху, и бакъболу безам Ша Дела ву. Цуьнан безам мел кхачаме бу вайна хиъча, вай кхеро дуьнен тIехь хIумма а дац. Цхьана а хIуманах вай кхера ца оьшу, нагахь Далла вай дезаш хилар вайна схьадиллина хилча, ваьш дIатеттина хиларх а, халонех а вай ца кхоьру.

Делан безам вай коьртаца дIахьулдаллал боккха бу. Шу кIелхьар а даьхна, паргIатдаьхна волчу Дала бехке дийр дуй шу?

Иза деш дерг иблис ду: шен бехкаш дахарца шуна довла меттиг ца йита гIерта иза. Нагахь Дала аш къа латорна шу бехке деш делахь, Цо некъ а гойту и къа дIадаккха.

ХIокху коьртан юххьехь ас Шордина гочдар далийра Яхьъян 1-чу кехата тIера. Дукхахберш иштта кхета Делан Йозанийн оцу меттигах: нагахь шуна стаг везахь, шу цунах кхоьрур дац, нагахь цхьанна шу дезахь, иза шух а кхоьрур вац. Амма иштта долу кхетор нийса дац. Оцу

аято боху, нагахь Везачу Элана шаьш деза аш пурба лахь, шу цхьана а хIуманах кхоьрур дац. Далла пурба ло шаьш деза, нагахь гуттар а цхьана хIуманах кхера лууш шаьш дацахь. *Хьем ца беш Делан безам схьаэца шайна.* Кханенга ма тетта иза – Делан берриге а шайга болу безам хIинцца схьаэца.

Муьлхха кхерам эккхош болчу Делан безамах долу дIаделлар сайга кхаьчча, цунах пайда эца йолаелира со. Тхан машен галъяла йолаеллера, тхуна моьттура бехк передачийн коробкин бу. Иза хуьйцург 500 доллар дер дара, иштта харж яр тхан хьесапехь дацара, цундела йоьхначу машенахь лелара тхо.

Цкъа Iуьйранна Дала соьга элира: «Джойс, хьо тахана езийтахьа Соьга. Хьан хIумма дан ца деза. Доккха тешар долу зуда хила ца деза хьан. Дерриг а хьуна оьшуш дерг – *дийнахь сарралц* Со везар а, хьо езийта Суна пурба далар а. Пурба ло Суна хьо тахана езийта.

Иштта Везачу Элана дерриге а дийнахь йоккхаерна кечъелира со. Цунна назманаш а лоькхуш, хаза хан йоккхура ас. ЦIеххьана, цхьа сахьт хьалха балха вахана майра, цIа а веана, машенахь гаражана тIевогIуш, хезира суна. неI дIа а йиллина, цо элира: «Хьалхарчу скороста тIера дIа ца яккхаели соьга машен, гараж чу ца хIоттаяхь ер яц хIара». Оцу хенахь со елаяла

дагахь а яцара, иза шашах хилира: суна чохь долу хазахетар араделира. Дала гайтира, суна чохь хазахетар а, машар а дара, хIунда аьлча ерриге а Iуьйранна со еза пурба деллера ас Цунна, цундела сан дог ца дуьйхира. Далла шаьш деза пурба даларца аш тешарна неI схьайоьллу. Сан елаялар сан тешар гайтар дара.

ИбрахIим волчу а веана, цуьнан кIант хир ву Дала аьлча, ИбрахIим хазахетта велавелира. Ткъа Саретан елаялар шеко а, цатешар а долуш дара, цундела Дала бехк баьккхира цуьнгара.

Шайна дуьхьал иблисо цхьаъ деш хилча, шу цунах дела йиш ю – шуна Дела дика ма вевза, цундела шу кхеро гIерташ иблисо лелош дерг эрна ма ду. Шу тешна ду, Далла шу деза а деза, Цо шу Iалаш а до!

Дэйван дешнаш а хезана, со елаелча, Дала меллаша элира соьга, амма доккха схьаделлар дара. Цо Шен дешнаш кхузза элира: «Нагахь ахь кхидIа а хьо еза Суна пурба а лахь, Сан безамна жоп а лахь, Джойс, Ас цкъа а дохкойоккхур яц хьо». Цуьнан дешнаш, юхаалар санна, дерриге а цIа чухула дIасадаьржира: «Ас цкъа а дохкойоккхур яц хьо… Ас цкъа а дохкойоккхур яц хьо…».

Везачу Элах бIобулуш хила, шаьш дезийта Цуьнга, шайна а Иза веза, тIакхха шуна атта хир ду Цунах тешам хила. Шун Везачу Элах

бIоболаро а, Цуьнга тешам хиларо а гIо дийр Цунна шун берриге а лаамаш кхочушбан. Ткъа шуьга болчу Делан безамо муьлхха а кхерам эккхор бу.

*Далла шу деза!*

# 6
# Безамо дӀало

*Цо дитина долу весет (декхар, тӀедиллар, буьйр) иштта ду: Дела везаш верг шен динан ваша а везаш хила веза.*

*- Яхьъян 1-ра 4:21*

Хьо – Далла дукхадезна бер ду. Хьо – шатайпа ву, хьо саннарг кхин ван а вац (хьовса Лелар 7:6). Нагахь шу оцунна тӀе а доьгӀна лелахь, шун дуьнене хьежар хийцалур ду. Шу кест-кеста делакъежар ду, шаьш долу меттиг беркате хилар хаалуш. Урамехула догӀуш, яйн шок етта а, мукъам бан а йиш ю шун, мичча шаьш доьлхуш делахь а, шаьш шатайпа а хеташ.

Хьо шатайпа хиларх а кхетта, Делан бер санна хьо лела воьлча, Ӏийсана дерриге а дуьне схьадаккхалур ду хьоьга! Безам, цӀе санна, дӀасабаьржа. Амма Дала леррина Къобалвинчух лаьцна а дуьйцуш, хьо оьгӀазъоьхуш, резавоцуш велахь, хьоьга цхьа а кӀелхьарваккхарна тӀе валалур вац.

Ахь воккхаверца боху: «Со Делах тешаш верг ву, Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттинарг ву», ткъа

новкъа тIехь машенахь хьайл цхьаъ хьалхавала гIоьртича, хьо оьгIазвоьду: «ДIаяла, чайник, новкъара. Хьо бахьана долуш со Делан цIийне тIаьхьавуьсуш ву». Хьо вевзий хьуна?

Хьуна массо а хенахь, массо а хIуманна тIехь кхиам болуш хила лаьий? Кхиамечу дахаран къайле хьан синца ю. ДуьххьалдIа алахь: «Иблис, ас дуккха а хенахь ладийгIира хьан аьшпашка, кхерамехь а Iийра со. Амма хIинца суна хаьа, Iийса бахьана долуш со толамхо ву. Со – шатайпа, башха стаг ву. Со – юьхьша ву. Со – Делан хьоме бер ду, ткъа хьоьга, иблис, хIумма а хийцалур дац!»

Шуна чохь болчу Делан безамо муьлххачу а кхерамах паргIатвоккху, цундела гонахарчарна шайн безам гайта ма кхера.

*«Бакъдерг боху Ас шуьга: и Ас дийриг Сох тешачуьнга а далур ду. Кхин а сов гIуллакхаш далур ду цуьнга, хIунда аьлча Со Сайн Да волчу воьду.» (Яхьъян 14:12)*

Далла лаьа шу цунах тешийла. Шеко ма хила, Веза Эла шуьгахула гIуллакхаш дан лууш ву. Шу тешнарг дерриг а Цо лур ду шуна.

Нахаца тешаме юкъаметтигаш хила а, уьш беза а Iама.

Со хийллаза лаьттина со кхеррал чIогIа цхьа тамашениг дарна хьалха, амма Везачу Эло олура: «ДIаяло, Джойс, ма кхера – гIулч яккха.

Хьоьгахула Ас даккхий гIуллакхаш дийр ду». Со хьалха тасалора, Дала хIоразза а гIо дора суна. Хаьий шуна, аьтто цахиларх со хIунда ца кхоьру? ХIунда аьлча суна хаьа: *Далла со еза!* Цунна хаьа суна Ша везийла. Цо Шен ниIмат суна тIе Iанийна, ас сайн дахар Шех тешорхьама. Нагахь аша и саннарг дахь, нагахь шуна Дела везахь, Цунна шаьш дезий а хаьахь, дерриге а дуьненчохь шуьга аттачу яккхалур йоцуш цхьа а хало хир яц.

*«ДIакъасталур дуй те вай цхьаьнгге а Дала леррина Къобалвинчун безамах? Дац! Халоно,балано, вай лаьхкина леларо, мацалло, къоьлло, кхерамо я Iожалло дохур дуй те вай Цуьнан безамах? Дац! Делан Йозанаша ма-бохху:*

*"Хьо бахьана долуш хIора дийнахь тхо дайаран кхерамехь ду. Тхо дайа кечдина долу уьстагIий санна хета царна".*

*ХIетте а, и дерриге а гIуллакхаш хуьллушехь, ваьш Дезначо вайга уггар боккха толам боккхуьйту. Со теша, я Iожалло, я дахаро, я маликаша, я жинаша, я цхьана а долуш долчо, я цхьана а хиндолчо, я цхьана а ницкъаша, я цхьана а вайна тIехь долчо, я цхьана а вайна бухахь долчо, я Дала кхоьллинчу цхьана а кхечу хIумано а вайн Веза Эла волчу,*

*Дала леррина къобалвинчу Іийсагахула болчу Делан безамах вай дІакъасто йиш цахиларх.*

*Римахошка 8:35-39*

Шуна сурт хІотто а хала ду, мел чІогІа лаьа Далла шу ирсе хила. Цунна хала ду лан, шу догдоьхна хилча. Наггахь шу дийнахь сарралц дог ца догІуш хуьлу: аш цицигна мийра туху, берашна тІе мохь хьоькху, лулахошца дов доккху, шайна оьгІаз а оьхуш, аш боху: «Со хаддаза болх беш ву, амма цхьанна иза ца го».

Суна девза и хьал. «Аш делккъалц бен хІунда ца доьшу?» – реза дац шу бераш цІа даьхкича.

Хааий шуна, Далла иза новкъа дуйла? Суна ца лаьа хІинца шуна эхь хетийта. Шу кхета лаьа суна: Далла шаьш дезаш хиларх шу тешча, аша Цуьнан безамна жоп лур ду. Делан безамо шу хьаладузур ду, иза гонах болчарна тІеІенар бу. Нахана диканиг деш, церан шайга болу ларам схьаоьцур бу аш.

Нагахь шаьш Далла дезаш хиларх шу кхетахь, – шу тодина хир ду, шун аьтто хир бу, шун дерриге а хьашташ кхочушдийр ду. ХІунда? ХІунда аьлча *шуьгахь синтем хир бу.* Ша шуна дала кечдинарг дІадала Делан аьтто цахилар – шун саготта хилар а, дІасахьийзар а ду. Цуьнан аьтто ца болу шун тидам Шена тІе

берзо. Далла шу Шех бIобулуш хила лаьа, Ша везаш хила лаьа, Шена шаьш деза аш пурба лойла а лаьа.

Нагахь шу безамах дуьзна делахь, иблисе ца сацало шун дахарехь долу декъалдаран татол, хIунда аьлча безамо коьмарша хуьлуьйту. Стагехь безам хилча, цунна шен безам нахана дIабала лаьа.

*«Дала хьо хаьржина, хьо шатайпа халкъ хилийта...» Карлабаьккхинарг 7:6*

Хила тарло, хIокху сохьта хьан коьрта болх чохь хилар, хьайн доьзалан доладар бу, амма хьуна Дала хьо Шен балха юкъаозо лаахь, Цо хьо юкъаозор ву. Амма цкъа хьалха ахьа бух билла беза: *Далла хьо везарх кхетар.*

Хьайна а, хьайн хьашташ кхочушдарна а берриг а хьайн ницкъ ма байа. ДуьххьалдIа дIаала Деле хьайна хIун оьшу, тIаккха хьайн тешар а кхиош, кхечарна гIо де церан халонаш аттачу яха. Нахана гIо дан вахале хьалха, Iийсас, доIа а деш, Деца къамел дора. Цул тIаьхьа цо нахана хьехам а бора, царна тIе куьйгаш а дохкура, тIаккха нехан дахарехь тамашийна хIуманаш хуьлура. Иза ца Iара гуттар а цхьана соне а хуий, Дала Шена цхьаъ даларе теша а гIерташ. Шун ала йиш ю Деле,

шайна хӀун оьшу, амма шайн хьашташ кхочушдар уггар а коьрта гӀуллакх ма хуьлийла шун дахарехь.

Кхечарна гӀо дан хьовса, церан хьашташна жоп ло.

Билггал долу беркат – иза кхолладелла муьлхха хьаш кхочушдар ду. Делан безамо кхечеран хьашташ хьалха хӀитто хьуьнар ло шуна. Тешалаш, Дала гӀо дийр ду шуна беза тамехь боцу – баркалле а, реза а боцу нах беза а.

Ойла ейша, хала ма дац шаьш деза нах беза. Цунна леррина къахьегар ца оьшу, иза-м къинош долчуьнга а далур ду. Амма беза хьакъ боцу нах безархьама синан кхиар а, собар а, тӀевирззина хилар а деза. ТӀаккха шуьга адамаш дезалур ду, уьш муха делахь а. Шун безамо уьш хуьйцур бу. Хила мега, цунна шо я пхи шо дӀадер ду. Я ткъе пхиъ дала а тарло, амма иза дика Ӏалашо ю. *Ткъа шуьга хьоьжуш Ӏийса мел веха Ӏийна?*

Далла шу деза, шуна гонах берш а массо а беза Цунна, уьш кӀелхьарбевлла я къинош дерш белахь а. Цунна шу деза, шуьгахула Шен безам кхечу адамашна а бала лаьа Цунна.

Дала безаман похӀма делла шуна. Шайн безам дӀагайта ма кхера, оцо кхерамах а, шаьш бехкедарх а паргӀатдохур ду шу. Майрра бекъа

шайн безам гонах болчаьрца. ДоттагIалла гайтарна тIера дIадуьйлало. Нахе шайга хьошалгIа кхайкха, гонаха болчарна делакъежаш хила. Делан шуна дала гIуллакх ду, шу бен цуьнца лара а дийр доцуш. Аша бен царна гIуллакх дийр доцуш нах а бу. Цхьаьнгге а цаьрца гергарло тасалур дац – шуьга бен. Деха Везачу Эле гайта шайна, муха балалур бу царна безам, Цо шуна эзар некъ гойтур бу!

*Далла шу деза!*

# 7
# Делан безамо шу хуьйцур ду

*Бакъболу безам иштта бу: вайна Дела везар бахьанехь а доцуш, амма Далла вай дезарна, Цо Шен цхьаъ бен воцу КIант ваийтира вайн къинош дIадахаран сагIа санна.*

\- *Яхьъян 1-ра 4:10*

Далла вай деза, амма дукхахболу тешаш берш ца кхета Цуьнан безаман кIоргаллех. Делан Йозанаш Iамочу хенахь Дала схьадиллира суна, нагахь вайна билггал хаьахьара Цунна вай мел дукхадеза, вай чIогIа сиха хийцалур дара, вайх синаца кхиъна адамаш хир дара.

*Делан шайга болчу безамах ойла е.* Оцу ойланаша шу хуьйцур ду. Нагахь шайгахь цхьа хIума шуна ца тахь, *Далла шаьш дезий а хууш,* шу хийцалур ду. ХIун хаало шуна, цхьанна шаьш дезий хиъча? Шуна хазахета, бакъ дуй иза? Цо шуна ницкъ беш хуьлийла дац. Амма

дуккха а нахана шаьш ца беза. Шаьш деш дерг дерриге а ца деза царна, хIунда аьлча уьш ца кхетта шаьш керла кхоьллинарг хиларх, цундела шайн ширачу Iаламца къийсамехь бу уьш. Хьо хьайна реза воцуш мел ву, хьо ца везаш мел ву, хьо Везачу Элана веза мел ву хаъалц, хьох майра а, хьайх бIобулуш а стаг хир вац, *«хIунда аьлча цуьнан (стеган) дагахь йолчу ойланашка хьаьжжина иза а хир ву...» (Кицанаш 23:7)* Боккха ницкъ бу, *Далла шу чIогIа деза* бохучу бакъдолчух кхетарехь.

Далла шуьца денна а къамелдан лаьа. Цуьнца къамелдаро шу хуьйцур ду. Нагахь аш Цунна шайн дахарехь хьалхара меттиг дIа ца лахь, аш шайна дика болх барна тIехь Цуьнан аьтто кIезиг хуьлуьйтур бу. Везачу Элаца къамел дарна хьайн хан ма кхоае, хьайн Цуьнга болу безам дIагайта, Цунна пурба ло хьо везийта. Иштта бен синехь совваьлла а, онда а, ирсе а стаг хир вац хьох.

Амма дукхахдолу адамаш иало еш ду. Царна иза шайн метта цхьаммо кхечаммо дан лаьа. *Шайна бехказлонаш ма леха.* Хила тарло хьан Делаца къамелдар ца хилла, цундела хьо бехке хета хьуна. Хаалахь, иблисо хьоьга бохур ду, хьан Iаламат дукха кхин гIуллакхаш ду, Делаца къамел ца дича а мега. Цо хьуна цхьаъ вукхунна тIаьххье бахьанаш далор ду. Амма

Делаца уллора юкъаметттигаш хиларна леррина хилалахь. *Делан Дашна тIехь ойла яро а, Делаца къамел хиларо а хуьйцур ду шу. «Суна ницкъ луш волу Дала леррина Къобалвинарг бахьана долуш, суна массо а хIума лан хаьа». (Пилапахошка 4:13)* Дуьненчохь хIумма а дац Дала леррина Къобалвинчун ницкъаца шуьга далур доцуш.

Дала шайн хало стенна тIехь ю шайна магайттинехь, иза къасто дуьйлало, Iийсас массо а халонаш тIехь толам бaьккхина хилар дагахь а латтадеш. Делан безам тIеэца, шайн кхачамбацарех йолу иблисан харцо дIататта, тIаккха аша толам боккхур бу!

Хила тарло, хьо нийса лелаш вац, амма хьо нислур ву, хьо керла кхоьллинарг ву аьллачух тешахь. Дагахь латтаде хьайна: «Далла хастам бу, Цо со шатайпа волуш кхолларна. Цо хаьржина со. Со – Дала хаьржина бер ду. Везачу Эло гечдина суна. ХIинца со декъалхилларг ву. *Цо сан массо а гIалаташна гечдеш ду!* Делан гIоьнца со хийцалур ву, ас нийсаниг дийр ду».

Шуьга эшалур йоцуш хало ян а яц, нагахь шу билггал тешна делахь *Далла шаьш дезарх!* Аша муьлххачу а халонна тIехьтолам боккхур бу.

Ойла ейша: халонех чекх а ца волуш, дуьхьалонаш а ца эшош толамхо хилалур вуй? Халонаш а, зераш а – и цхьа некъ бу синан кхиарна тIе. Шун цхьа а халонаш яцахь, тешар а стенна оьшу шуна?

Шайн халонех пайда эца синехь кхиарехь, шуьга безам болчу Деле хIун далур ду хьовса.

Нагахь аша Далла шаьш деза пурба лахь, шайна шуна Иза везахь, Цуьнан безамо шуна ницкъ лур бу, цхьана халонаша совцор дац шу шайн Iалашонна тIебоьдучу новкъахь.

Дезачу Синца со цIинйина бутт гергга хан яллалц, со Делан Безамо яхийча санна яра. Соьга хоттура: «Хьуна хIун хилла? Хьо сел чIогIа хийцаелла. Цунах теша хала ду, Джойс, амма хьуна цхьаъ хилла?» Хан дIайоьдура, ткъа цара юха хоьттура: «ХIун хилла хьуна?» Сан дийца ца дезара сайн хийцаяларх – иза гуш дара. Хьо Делан безамах тешна хилча, велавалар хьан юьхьа тIера дIа ца долу, хьо бIаьргашна хьалха хазлуш хуьлу, хьоьгахь ницкъ хуьлу, хьайгахь кхин гIора хаало хьуна. Хьо Дезачу Синах сел вуьзна хуьлу, гонахарчу адамийн муьлхха а хьашт кхочуш а далур долуш.

Ала шайга: «*Далла со веза. Со – шатайпа ву, со – Цуьнан бер ду. Далла со веза!*» Тешалаш оцунах, *Далла шу билггал деза шуна!*

# ДохковаларанˌдоIа

Нагахь ахьа хьайн Веза Эла а, Кiелхьарвоккхург а хила Iийса цкъа а ца кхайкхинехь, хIинцца де иза. Даггара хIара доIа дIаала, тIаккха Дала леррина Къобалвинчуьнца керла дахар хир ду хьан.

*Веза Эла, со теша, Дала леррина къобалвина Iийса, Хьан КIант – дуьне КIелхьардоккхург ву. Со теша, Иза жIари тIехь суна тIера велла, сан дерриге а къинош дIа а хьош. Сан метта жоьжахате вахана Иза, сан къиношна тIера мах а белла. Суна догIуш долу таIзар лайна Цо. Со теша Iийса веллачуьра кхозлагIчу дийнахь денваларх а, хIинца Хьуна аьтту агIор Iаш хиларх а.*

*Суна Хьо оьшу, Iийса. Гечдехьа сан къиношна, кIелхьарваккхахьа со, сан Веза Эла хилахь.*
*Баркалла Хьуна, Веза Эла. Амин.*

ХIинца Iийса хьан дагчохь ву. Дала хьуна гечдина, Хьо Цунна хьалха бакъвина, велча хьо стигала гIур ву.

Делан Дош хьоьхуш йолу Делан тоба а караяй, Дела уллора вовза Іама. Делан Дош хааро хьан дахар хуьйцур ду:

*«…Нагахь шу Сан дош лардеш делахь, шу билггал Сан мурдаш ду. Шуна билггал долу бакъдерг а девзар ду, цу бакъдолчо шу паргІат а дохур ду» (Яхьъян 8:31-32)*

Деша а деша, Іама а де Делан Дош, иза хьайн дага чохь чІагІдалийта. Муьлххачу хьолехь Делан Даша тІе хьовса, де дийне мел долу алссам Дала леррина къобалвинчу Іийсах тера хилархьама (хьовса Коринтхошка 2-гІа 3:18).

*Безамца, Джойс*

# Авторх лаьцна

Джойс Майер – шуьйра евзаш йолу Делан Йозанийн хьехархо ю. Дерриге а дуьненна тӀехь миллионашна адамашна Делан Дош хьоьхуш ю иза.

Джойса бӀеннаш теманаш схьайиллина, кхузткъе итт сов киншка язйина, хӀора шарахь ткъа герггa конференции йо цо. 2004-чу шарахь 2,5 миллион цуьнан киншка йоьхкина, цхьана миллионал сов маьхза дӀаса а екъна. Цуьнан телепередачашка дукхайолчу пачхьалкхашкахь хьажа мега, ткъа цуьнан радиопрограммаш кхаа бӀе радиостанцино йовзуьйтуш ю.

Дала Джойс тӀекхайкхина тешаш берш Делан Дашехь чӀагӀбарна. Цхьана хенахь иза дуьненах дог диллинчарах цхьаъ яра. Тахана иза дахарх зовкх хьоьгуш ю, хӀунда аьлча цунна Делан Дешан бакъдолчух пайда эца а, халонаш тӀехь толамаш баха а Ӏемина. Джойс тешна ю толамхочуьнга кхиберш а Ӏамалур бу толамаш баха. Джойса лечкъа а ца деш дуьйцу шена беран хенахь ницкъбарх, дуьххьарлера маре яхар а тӀаьхьало йоцуш хиларх, дахарехь шен хиллачу ерриге а халонех а.

Цо лечкъа ца до шен дIаяьллачу хенах дерг, ишттачу халонашна тIеIоттавеллачунна хьехарш до.

Джойсан Майеран Орал Робертсонан Оклахоман университетан богословин доктаран сийлахьа дарж а, «Лайф Кристиан» Флоридерчу университетан богословин а, философин а дарж а ду. 2005-чу шеран февралехь «Тайм» журнало Американ уггар а вевзаш волчу ткъе пхеа евангелистан терахьна юкъаяхийтина Джойс Майер.

Джойс Майеран дерриге а дахаро тоьшалла до Делан къинхетаме а, тешаме а хиларх. Цо хьоьху, хьалха стеган дахар муха хиллехь а, Делан гуттар а ю цунна меттиг, Цо гIо дийр стагана ирсечу, самукъанечу дахаре боьдучу новкъа хIотта.



# Далла шу деза!

Далла лаьа шу, оцунах теша а тешна, иза шайн дегнаш чохь а латтош дехийла. Дагахь латтаделаш: Далла шу кхачаме ду аьлла ца деза, Иза Ша безам болу дела деза. Делан исбаьхьа безам шайгахь буйла хааро шун дахарера муьлхха а кхерам дIабоккхур бу. Делан безамехь чIагIлолаш, ондда латталаш.

Далла вайх хIорра а веза. Со тешна ю, вайн дукхахйолу халонаш и бакъдерг ца хаарна ю аьлла. Нах сагатдеш а, кхоьруш а, шайх бIо ца булуш а бу, хIунда аьлча иблисо беллачу харц кхетаман йийсарехь бу уьш.

Шуна хаьий, Дала леррина къобалвинчу Іийсас шаьш кIелхьардаьхний?

Кху киншко Делан безамах долу билггал бакъдерг лур ду шуна, цо гIо дийр ду шуна теша Дела гуттар а Шен безам шуна бала лууш хиларх.

Далла шу деза а, чIогIа ладаме а ду!